



# NEWS RELEASE

## Nòt pou Laprès

CONTACTER : **Rosy AUGUSTE DUCENA**  
PHONE : **(509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192**  
Cell : **(509) 3782-2897**

---

### **Atak sou atak : RNDDH mande zotobre nan Leta yo eksplikasyon**

---

1. Depi koumansman lane 2023, anpil atak nèg ak zam ak plizyè masak fèt sou popilasyon ayisyèn nan sitou nan depatman lwès ak latibonit. Sa ki lakoz anpil moun mouri asasinen epi anpil fanm ak tifi viktим kadejak.
2. Pènye, Malik, Dyèg, Meyòt, Kago, Tinèl, Tomases, Laboul, nan komin Petyonvil; Berèt, Kalbas, Fòjak, nan komin Kenskòf; Mache Salomon, Bèlè, Karade, Solino, nan komin Pòtoprens ak nan komin Dèlma; Sous matla nan komin Kabarè, Onavil nan komin Kwadèboukè ak plizyè lòt komin tankou Site Solèy, Lyankou, Vèrèt, Tirivyè Latibonit ak Monwi, tout zòn sa yo pase move moman anba men bandi. Anplis, bandi yo montre yo fè sa yo vle epi yo pran kontwòl tout zòn ki enterese yo.
3. Atak bandi fè nan lannwit 23 pou rive 24 avril 2023, nan zòn Debisi anlè Tijo nan komin Pòtoprens pouse RNDDH retounen sou tout lòt atak ki te fèt deja yo.
4. **Bèlè:** soti 28 pou rive 5 mas 2023, gwooup gang *G-9 an fanmi e alye* ki anba lòd Jimmy Chérizier alyas Babekyou tap goumen ak gwooup bandi Bèlè ki gen chèf yo ki rele Kempès Sanon. Pandan atak sa, gen 148 moun ki mouri oubyen fanmi yo pa janm wè yo, gen 3 moun ki blese ak katouch, 62 kay pou pi piti boule ak 26 lòt kay bandi antre pou volè. Pou pi piti, gen 2 fanm ki viktим kadejak.
5. **Kago ak Tinèl:** nan lannwit 19 pou rive 20 mas 2023, nèg ak zam nan gang Vitelhomme Innocent te fè yon atak sou popilasyon nan zòn kago ak Tinèl. Bandi yo te fache epi atake popilasyon an paske yo touye kèk nan akolit yo. Gen pou pi piti 9 moun ki mouri. Kadav 6 ladan yo boule epi 4 nan viktим yo tankou chofè a te nan yon kamyonèt.
6. **Berèt, Kalbas ak Fòjak:** 3 mas 2023, bandi nan baz kraze Baryè ki sou kontwòl Vithelomme Innocent te atake zòn sa yo paske popilasyon an te ede lapolis anpeche yon kidnapinn fèt. Pandan tantativ kidnapinn sa a, gen 1 machin ki boule, lapolis sezi yon zam epi

popilasyon an rache youn nan bandi yo. Nan aprè midi, plis pase 100 nèg ak zam debake nan lokalite Berèt ak Kalbas, yo boule kay ak machin epi touye plizyè moun nan popilasyon an.

7. **Onavil**: 6 avril 2023, bandi nan Kanaan anvayi Onavil. Yo touye moun, yo antre nan plizyè kay pou volè epi apre sa mete dife ladan yo. Popilasyon an te oblige kouri kite zòn nan.

8. **Site Solèy** : soti 14 pou rive 19 avril 2023, bandi tap goumen nan plizyè katye nan Site Solèy sa ki lakoz plis pase 70 moun pèdi lavi yo. 40 lòt blese ak bal ouswa ak manchèt oubyen kouto. Jiskounya, poko gen yon bilan sou ènyèm atak sila.

9. **Sous Matla** : depi 19 avril 2023, bandi nan Kanaan ki gen Jeff Larose k ap kòmande ak bandi Titanyen ki anba lòd Jean Auguste Cherismé alyas jeneral Bogi atake popilasyon Sous Matla nan komin Kabarè. Yo te jwenn sipò bandi nan gang Johnson André alyas Izo 5 segonn, chèf Vilaj de Dye.

10. Pandan atak 19 avril 2023 a, bandi yo te atake prizon sivil Kabarè a. Yon polisye te blese ak bal epi pat menm gen posiblite pou l te ale pran swen lopital.

11. Apre sa, chèf gang Jean Auguste Cherismé alyas jeneral Bogi te lage yon vidoyo sou rezo sosyo yo kote l ap di se li ki fè atak Sous Matla.

12. Yon lòt bò, anpil nan popilasyon Sous Matla te rete kwense lakay yo, yo pat ka soti. Gen lòt ki t ap eseye sove kite zòn nan, bandi kenbe yo epi touye yo. 9 moun pami yo 3 tibebe ki te pran yon ti kannòt pou kite zòn nan mouri nan lanmè a daprè deklarasyon Sèvis Maritim ak Navigasyon nan peyi Dayiti (SEMANAH).

13. Dapre enfòmasyon ki rive jwenn RNDDH, atak sa fèt nan objektif pou pini popilasyon Sous Matla akoz yo te mete barikad nan wout la pou te anpeche bandi yo retounen vin atake yo apre masak ki te fèt nan lannwit 29 pou rive 30 novanm 2022 a. N'ap raple gen 72 moun ki mouri asasinen, 29 fanm ak tifi viktim kadejak ak plis pase 100 kay boule pandan lannwit sa.

14. Debisi ak Solino : alòske anpil nan zòn nou sot site la yo poko soti anba atak nèg ak zam, Debisi, anlè Tijo ak Solino zòn Dèlma 24 te gen anpil tire, nan lannwit 23 pou rive 24 avril 2023. Bandi yo te rantre nan plizyè kay pou volè, bay moun kou epi blese moun yo jwenn sou wout yo. Gen 2 kay pou pi piti ak plizyè machin ki boule.

15. RNDDH kondane ak tout fòs li klima laperèz sa ki blayi sou tout peyi a. Li klè bandi yo jwenn pwoteksyon ekip ki sou pouvwa pou yo detwi popilasyon an ki lage pou kont yo.

16. RNDDH kwè, nan nivo sa, silans gouvènman an pa kenbe ankò. Zotobre nan leta yo dwe popilasyon an eksplikasyon sou tout atak ki fèt yo epi sou mezi y ap pran pou tabli lòd nan peyi a.

17. Anplis, otorite yo dwe nou eksplikasyon sou desizyon ki te pran pou anile plan estratejik lapolis la te genyen pou derasinen bandi yo. Depi apre lapolis la te fin resevwa materyèl nan men kominate entènasyonal la, sitou nan men Etazini, yo te deside pou atake bandi yo nan fyèf yo, pran kontwòl teritwa gang yo epi anpeche yo deplase. Jounen jodia, se paske otorite yo pat kite plan sa mache ki fè gang yo kontwole tout zòn ki anviwonnen Pòtoprens.

18. RNDDH ap fè nou sonje Konstitisyon peyi Dayiti a ak anpil lòt lwa pou pwoteje dwa moun Ayiti te siyen bay garanti sou dwa lavi, sekirite ak pwopriyete prive.

19. Boutofen, RNDDH voye senpati li bay tout viktim masak sa yo epi pwomèt pou l kontinye kanpe bò kote yo pou mande zotobre nan Leta yo respekte dwa fondalnatal sou lavi, sekirite, entegrite fizik ak sichik ak dwa sou pwopriyete prive.

Pòtoprens, 24 avril 2023